Department of Education
Dennis M. Walcott, Chancellor

KÈK KONSÈY POU PALE AVÈK ELÈV LEKÒL PRE-SEGONDÈ SOU PRENSIP DEBAZ KOMEN AK SOU CHANJMAN EGZAMEN LETA

Fevriye 2013

Nan dènye dezoutwa ane yo, lekòl Vil New York yo t ap fè tranzisyon nan nouvo Prensip Debaz Komen pou Aprantisaj la, sa ki vle di plis devwa difisil pou elèv yo nan klas la. Pandan sezon prentan sa a, pou premye fwa, egzamen Leta nan lang ak literati angle ak matematik pou elèv klas 3yèm ane jiska klas 8yèm ane ap montre nouvo prensip yo. Egzamen yo ap evalye si elèv ki nan chak nivo klas sou wout pou gen siksè nan kolèj epitou si yo prepare pou yon bon djòb. Paske pèsòn pa konnen pitit ou nan jan ou konnen li, nou ankouraje ou pou pran yon ti tan nan kèk semèn k ap vini yo pou pale avèk pitit ou sou chanjman sa yo. Gid sa a la pou ede ou avèk konvèsasyon sa yo, ki sanble avèk diskisyon k ap fèt nan Vil la pami pwofesè yo ak nan lekòl yo pou sezon livè ak prentan sa a.

Kijan mwen ta dwe pale avèk pitit ou sou nouvo prensip yo?

- Kòmanse yon konvèsasyon pou poze pitit ou kesyon sou sa l ap fè nan lekòl la. Ki matyè oswa devwa ki pi enteresan? Kilès ladan yo ki sanble pi difisil ane sa a? Kisa ki sanble diferan avèk devwa li te fè anvan?
- Fè pitit ou konnen tout elèv ki nan Vil New York ap jwenn ankourajman ane sa a pou fè devwa ki pi difisil nan klas. Devwa a ap vin pi difisil paske objektif la se pou prepare elèv yo pou yo gen siksè nan monn apre yo fini nan lekòl.
- Fè pitit ou konnen pifò djòb l ap vle yo lè l ap grandi ap egzije pou li se yon moun ki li ak ekri byen. L ap bezwen kapab fè pwoblèm matematik k ap vini nan monn reyèl la epi k ap itilize prèv pou fè rezònman k ap konvenk lòt moun yo.
- Fè pitit ou konnen lè li gen devwa lekòl ki sanble difisil toutbon, li enpòtan pou li eseye san pran souf epi pou li pa kite sa. Fè pitit ou sonje pa gen pwoblèm pou li debat, epi fè li konnen ou kwè li kapab leve defi sa a. Lè pitit ou kontinye travay di, l ap prepare pou fè sa pou devwa ki pi difisil epi pou li gen siksè nan lavi a.

Kijan mwen ta dwe pale avèk pitit ou sou nouvo egzamen Leta?

- Mande pitit ou si pwofesè li oswa kamarad klas li yo te pale sou egzamen Leta yo pral bay yo. Mande si li gen nenpòt enkyetid oswa kèk lide li vle fè ou konnen.
- Fè pitit ou konnen pou mwa avril sa a, tout elèv nan Vil New York ki nan klas 3yèm ane jiska klas 8yèm ane pral pran egzamen Leta nan lang ak literati angle ak matematik ki ka pi difisil pase egzamen yo te fè nan ane anvan yo.
- Sa vle di nan lang ak literati angle, pasaj y ap bay nan lekti a ap pi long ak pi difisil. Yo p ap evalye yo ankò nan kapasite pou pale ak nan kapasite pou koute. Tout tèks yo ap sòti nan vrè liv, nan jounal, oswa nan lòt sous, yon fason pou yo pi enteresan pou li ak analize.
- Nan matematik la, pwoblèm yo ak gen plizyè etap. Pitit ou ka bezwen itilize plis pase yon ladrès matematik pou rezoud yon pwoblèm senp. Pou jwenn repons yo, pitit ou ap bezwen montre li konprann konsèp matematik yo—pa sèlman li kapab fè kalkil yo.
- Fè pitit ou konnen objektif egzamen sa yo se pou yo difisil toutbon. Se paske yo bay egzamen yo pou evalye si elèv yo sou chemen pou ale nan kolèj ak pou jwenn yon bon djòb lè yo fini nan lekòl segondè.

- Fè pitit ou konnen egzamen sa yo pral ede pwofesè li yo konprann sa pitit ou aprann jiska prezan pou ane sa a ak sa a li toujou bezwen aprann.
- Si pitit ou toujou ap aprann lang Angle, fè li konnen pwofesè li yo rekonèt nouvo egzamen yo ka difisil espesyalman pou li. Pwofesè elèv k ap aprann lang Angle yo ap sipòte elèv yo pou aprann Angle ak matyè yo prepare pou egzamen sa yo. Fè pitit ou sonje oumenm ak pwofesè li yo kwè nan li, epi n ap ede li prepare egzamen yo.
- Fè pitit ou sonje lè li jwenn yon defi, li enpòtan pou li pa fwistre men pou li travay pou leve defi a epi pou li eseye san pran souf.
- Fè pitit ou sonje w ap sipòte li kèlkeswa fason li travay nan egzamen an. Fè pitit ou konnen ou gen konfyans si li eseye travay di, l ap gen siksè.

Kijan mwen kapab ede pitit mwen travay pi byen nan egzamen jodi a?

- Montre li ou rekonèt anpil elèv santi yo gen gwo enkyetid lè y ap pran egzamen yo. Mande pitit ou kijan li santi li konsènan egzamen li pral pran yo, epi koute enkyetid li yo.
- Asire pitit ou manje yon dine ki bon pou sante li, asire li dòmi byen lannwit anvan egzamen an, epitou asire li manje yon dejene ki fòtifyan nan maten li pral fè egzamen an.
- Si pitit ou gen yon Plan Edikasyonèl Endividyèl (IEP) ki gen ladan aranjman pou egzamen yo, fè pitit ou sonje aranjman yo ap la pou ede li gen siksè.
- Sijere pitit ou, pandan egzamen yo, si li santi li pè, li ta dwe:
    - Fèmen zye li epi konte jiska 10 dousman; respire fò anpil fwa, epi eseye ankò.
    - Reflechi sou sa li te aprann pandan tout ane a; konsidere fason li te eseye reponn kesyon ki sanble avèk sa li te jwenn nan klas la.
    - Fè pitit ou sonje ou kwè nan li, epi ou konnen li kapab leve defi sa a.

Kisa mwen ta dwe di pitit mwen apre egzamen yo?

- Mande pitit kijan li panse egzamen yo te ye pou li. Mande ki kalite kesyon ki te fasil, kilès ki te difisil, epi pou kisa. Poze kesyon tankou, “Kisa ou te aprann?” “Kisa ki te fè ou sezi?” “Èske nenpòt ladan te difisil pou li?” Lè ou rekonèt sa ki te difisil nan yon egzamen, ak pou kisa, se youn nan pati ki pi enpòtan nan pwosesis aprantisaj la pou ou, pou pitit ou, ak pou pwofesè li yo.
- Fè pitit ou konnen sa ou te aprann nan konvèsasyon sa a avèk pwofesè pitit ou lè yo bay rezilta egzamen a. Mande fason ou kapab kontinye pou ede pitit ou lakay ou.
- Fè pitit ou sonje objektif egzamen yo se pou ede pwofesè li yo sipòte aprantisaj li, epi w ap sipòte li tou nan aprann sa li bezwen konnen ak sa li kapab fè.
- Si rezilta egzamen an, ansanm avèk devwa klas pitit ou, montre pitit ou bezwen plis èd, fè pitit ou sonje w ap travay avèk lekòl li pou jwenn yon plan pou bay li sipò li bezwen pou li gen siksè.